



Demann ID ki Gen Foto

SI OU PA GEN YON LISANS CHOFÈ ETA NEW YORK OSWA YON ID KI PA LISANS CHOFÈ

Chè Moun ki Aplike,

Se Depatman Veyikil-a-Motè [Department of Motor Vehicles (DMV)] Eta New York ki pral fè nouvo kat idantifikasyon ki gen foto ou nan Depatman-Deta. Pou fè sa, DMV dwe gen yon foto ou nan dosye.

- **Si ou deja gen** yon Lisans Chofè Eta New York oswa yon ID ki Pa Lisans Chofè ki gen foto ou, tanpri gade nan lòt bò aplikasyon Depatman-Deta ou pou jwenn enstriksyon yo.
- **Si ou pa gen** yon Lisans Chofè Eta New York oswa yon ID ki Pa Lisans Chofè ki gen foto ou, ou dwe ale nan yon biwo DVM pou mande pou yo fè foto ou. Ale avèk lèt sa a ak dokiman ki pwouve non ou, dat ou fèt, ak siyati ou. Apre yo revize prèv yo, yon reprezantan DMV ap fè foto ou epi l ap ba ou yon resi pou sa. Resi ou ap montre yon nimewo ID 9 chif DVM afekte pou ou. Ekri nimewo sa a sou aplikasyon Depatman-Deta ou.

Si ou vle, ou ka aplike pou yon kat ID ki Pa Lisans Chofè Eta New York pandan y ap fè foto ou nan yon biwo DMV. Kat ID a disponib pou yon ti frè epi yo aksepte li anjeneral tout kote nan Etazini kòm yon fòm idantifikasyon pèsònèl ki valab.

Enstriksyon Biwo DMV:

Depatman-Deta te voye kliyan li nan DMV. Si kliyan an vle jwenn yon ID DMV ki Pa Lisans Chofè, tanpri travay sou yon aplikasyon MV-44 jan sa konn fèt. Si kliyan an bezwen ICO sèlman pou yon ID Depatman-Deta, yon MV-44 pa nesèsè.

Non: _____

Dat Nesans: _____

Sèks: _____

Nan nenpòt ka, revize dokiman ki pwouve non, dat nesans ak siyati kliyan an. Endike prèv kliyan an bay yo. Pou fè sa, mete yon tchèk-mak sou lis yo ki nan lèt sa a. Ekri non kliyan an avèk lèt detache, Dat li fèt ak sèks li nan espas vin ki sou bò dwat anwo a. Agrade kopi FS-6T biwo a nan lèt sa a ak MV-44 (si li nesèsè). Ajoute li nan gwoup dokiman yo, jan sa konn fèt.

Tanpri mande kliyan an pou li sere kopi FS-6T li. ID Kliyan an ki nan FS-6T ap obligatwa sou aplikasyon kliyan an pou Depatman-Deta. Ou ta dwe kontakte Depatman-Deta pou demann èd avèk aplikasyon Depatman-Deta.

EGZIJANS POU IDANTIFIKASYON

Anvan DMV kapab fè foto ou, ou dwe bay 6 kalite prèv ki montre non ou, ak prèv ki montre dat ou fèt. Tout prèv yo fèt pou se dokiman orijinal ajans ki te bay yo otantifye. Omwen yon prèv dwe montre siyati ou. Nou pa aksepte fotokopi. Dokiman ki menm kalite yo konte kòm yon sèl prèv (pa egzanp, de kat kredi oswa plis konte kòm yon sèl kat kredi).

PRÈV DAT OU FÈT – DOKIMAN ORIJINAL SÈLMAN – NOU PA AKSEPTE FOTOKOPI

Batistè ameriken: Yon Konsèy Administrasyon Sante, Biwo Estatistik Vital oswa Depatman-Deta Etazini bay. Nou pa aksepte Sètifika Batistè Peyi Etranje. Dokiman an dwe se yon dokiman orijinal oswa yon dokiman yo otantifye nan ajans ki bay li a.

_____ Kat ID Fòs Lame Etazini ki gen Foto ou

_____ Paspò Ameriken

_____ Paspò Peyi Etranje (ki Gen Dokiman INS)

_____ Dokiman Imigrasyon

_____ Lisans Chofè ki gen Foto/Pèmi Apranti/Kat ID ki pa Lisans Chofè ou resevwa nan Eta New York

PRÈV NON – DOKIMAN ORIJINAL SÈLMAN – NOU PA AKSEPTE FOTOKOPI

DOKIMAN	VALÈ PWEN	DOKIMAN	VALÈ PWEN
• Lisans Chofè ki gen Foto/Pèmi Apranti/Kat ID ki pa Lisans Chofè ou ka resevwa nan Eta New York.	6	• Kat Medicaid/Avantaj/Koupon pou Manje Eta New York ki gen foto ou.....	3
• SI OU POKO GEN LAJ 21 ANE – Deklarasyon sou sèman paran oswa responsab legal fè, ki siyen devan yon reprezantan DMV (MV-45, prèv dat nesans obligatwa pou moun ki aplike a.....	6	OSWA ki pa gen foto	2
• Paspò Ameriken (li dwe ajou, valab, ak fasil pou verifeye)	4	• Kat Sekirite Sosyal Etazini (li dwe gen siyati ou).....	2
• Lisans Pwovizwa Eta New York oswa Pèmi Apranti yo Bay nan Òdinatè ki pa gen yon foto.....	2	• Pèmi Eta New York oswa Vil New York pou gen Pistolè.....	2
• Sètifika oswa Tit Veyikil Eta New York.....	2	• Kat ID avèk Bilten yo bay nan Lekòl Segondè Etazini	2
• Dokiman Anrejistreman Eta New York (veyikil ak bato sèlman)	2	• Lisans Pwofesyonèl Eta New York	2
• Lisans Chofè ki Gen Foto (yo bay nan yon lòt Eta Etazini, jiridiksyon, oswa posesyon, oswa Pwovens oswa teritwa Kanada); li dwe anvigè pandan omwen 6 mwa, epi li pa dwe ekspire pandan plis pase 12 mwa.....	2	• Papye Maryaj oswa Papye Divòs OSWA Dekrè Chanjman Non Tribinal Bay	2
• ID Fòs Lame Etazini ki gen Foto.....	3	• Kat ID ki Gen Foto pou Aksè Inivèsèl Veteran.....	1
• Paspò Peyi Etranje – nan lang Anglè, ki gen yon viza ameriken ak I-94 valab ki tache ladan oswa yon So I-551 ki pa ekspire. Si li pa nan lang, Anglè yon tradiksyon anbasad oswa konsila peyi ki bay li a otantifye	3	• Diplòm Lekòl Segondè OSWA GED (Diplòm Ekivalans Jeneral	1
• Dosye Imigrasyon Kanadyen ak Viza oswa Dosye ki Montre ou te Antre nan Peyi a (IMM-1000).....	3	• Souch Peman ki Fèt nan Òdinatè.....	1
• Pèmi pou Re-Antre nan Etazini (I-327).....	3	• Fòm W-2	1
• Dokiman Vwayaj Refijye (I-571).....	3	• Kat Sendika	1
• Sètifika Sitwayènte (N-560, N-561 oswa N-645)	3	• Kat ID Anplwaye	1
• Sètifika Natiralizasyon (N-550, N-570 oswa N-578)	3	• Kat Asirans Sante/Kat Preskripsyon Etazini	1
• Grinkat Valab (INS I-551, foto).....	3	• Kontra Asirans-Vi Etazini (ki anvigè depi omwen 2 ane)	1
• Kat Otorizasyon Travay ki Valab (INS I-688B, I-766, foto	3	• Kat pou Chanje Chèk nan Makèt (li dwe gen siyati ou).....	1
		• Bòdwo Sèvis Piblik (li fèt pou gen non ou ak adrès ou)	1
		Nou pa kapab aksepte plis pase youn nan sa yo bay ki endike anba la yo nan menm bank lan oswa enstitisyon finansye a:	
		• Kat Kredi Prensipal aktif Etazini ou genyen nan moman	1
		• Chèk Anile (ki gen non ou enprime sou li).....	1
		• Etadkont/Dosye Labank.....	1
		• Kat Debi (ATM) (li dwe gen non ou enprime sou li ak siyati ou.....	1

Avètisman: DMV p ap aksepte dokiman ki gen chanjman oswa enfòmasyon ki efase ladan. Nou ka sezi yo epi nou ka voye yo pou evalyasyon. Si ou prezante fo dokiman sa ka lakòz nou pouswiv ou kòm kriminel nan lajistis.